



Rejis Rechèch Travay UI



Byenvini nan Entwodiksyon Depatman Devlopman Mendèv a rejis Aktivite Rechèch Travay UI yo.

Depatman Devlopman Mendèv la, yo rele li “DWD” tou, responsab pou administrasyon benefis asirans chomaj ak asire demandè yo satisfè tout egzijan yo, ki enkli rechèch travay



OMWENS 2 AKTIVITE RECHÈCH TRAVAY CHAK SEMÈN

DWD se yon anplwayè ki bay opòtinite egal ki administre pwogram opòtinite egal.
Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo (Nimewo TDD/TTY : 1-800-743-3333).
Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.



Yon pati esansyèl nan benefis asirans chomaj se ede w tounen travay tan plen.
Pou w rete elijib, fòk ou konplete omwens aktivite rechèch travay chak semèn epi anrejistre detay sou aktivite sa yo.

RESEA se yon pwogram ki bay opòtinite egal. Èd ak sèvis oksilyè gratis disponib sou demann pou endividi avèk andikap yo. Pou tele-enprimant, rele: 1-800 743-3333
Sèvis entèpretasyon ak tradiksyon nan lang etranje gratis disponib sou demann tou.

Requirement: Making An Effort To Secure Full-Time Work

In order to be eligible for unemployment benefits, you must make an effort to secure full-time work in each week you claim benefits. To learn more about activities that count toward your work search requirement click [here](#).

Field(s) marked with an asterisk * are required.

Do you affirm that during the week of 03/03/2024 through 03/09/2024 you made an effort to secure full-time work? *

☐ Yes ☐ No


[in.gov/dwd/indiana-unemployment/individuals/work-search](#)

Nan kupon chak semèn ou a, ou konfime ou te konplete de aktivite rechèch travay pandan semèn sa. Aktivite rechèch travay apwopriye se aktivite ki sekirize travay tan plen oubyen pi byen pozisyon w pou w sekirize travay tan plen

Aktivite rechèch travay enkli:


- Aktivite Preparasyon Travay ak Rezo
- Aktivite Kontak ak Anplwayè
- Aktivite WorkOne
- Aktivite Anliy

Pwochen dyapozitif yo pral eksplike tip aktivite sa yo an plis detay.



Aktivite Preparasyon Travay ak Rezo enkli:

- Kreye yon kourikoulòm vitè
- Kreye yon lèt kouvèti
- Kreye/Mete yon kont LinkedIn oubyen kont sou yon lòt sitwèb rezo pwofesyonèl ajou
- Ale nan yon Fwaye Travay/Pwogram Rezo



Aktivite Kontak Anplwayè yo enkli:

- Soumèt yon aplikasyon travay pou yon anplwayè ki, oubyen ki atann, gen pòs travay ouvè
- Fè swivi sou referans travay oubyen tantatif devlopman travay jan sa dirije pa pèsònèl mendèv eta oubyen asirans chomaj
- Fè kontak oubyen vizit an pèsòn kote anplwayè ki, oubyen ki atann, gen pòs travay ouvè.
- Fè entèvyou travay
- Swiv moun nan pòs travay (*Job Shadowing*)


WorkOne®

in.gov/dwd/WorkOne/locations.html

DWD INDIANA DEPARTMENT OF
WORKFORCE
DEVELOPMENT

Aktivite WorkOne enkli:

- Ale nan Oryantasyon WorkOne (SÈVIS RE-ANPLWA)
- Kreve yon Plan Re-anplwa nan WorkOne
- Ale nan Entèvyou Inisyal oubyen Reyinyon Swivi nan WorkOne
- Konplete yon Atelye WorkOne
- Konplete yon Evalyasyon/Tès (TABE, Accuplacer, WorkKeys, elatriye)
- Aplike pou oubyen patisipe nan sèvis anplwa ak fòmasyon ki founi pa pwogram patnè WorkOne



Aktivite Anliy enkli:

- Telechaje kourikoulòm vitè w sou Indiana Career Connect
- Enskri pou travay avèk Indiana Career Connect
- Klike sou Pivot, yon Motè Rechèch Mendèv Indiana, nan CSS
- Chache travay anliy (Indiana Career Connect, Indeed, LinkedIn, Monster, elatriye)
- Konplete yon Evalyasyon ki Gen Rapò ak Karyè (atravè Indiana Career Connect, Indiana Career Explorer, elatriye)
- Dekouvri enfòmasyon sou Mache Travay la
- Konplete yon Atelye anliy\

Simplify this process by using [DWD's Work Search Log](#).
([Spanish Version](#)) ([Burmese Version](#)) ([Arabic Version](#))

The English and Spanish work search logs have recently been updated. The updated Burmese and Arabic versions will be available as soon as possible.



[in.gov/dwd/indiana-unemployment/individuals/work-search](https://www.in.gov/dwd/indiana-unemployment/individuals/work-search/)



DWD egzije w kenbe detay sou aktivite rechèch travay ou konplete chak semèn. Ou kapab sèvi ak rejis aktivite rechèch travay la ki disponib sou <https://www.in.gov/dwd/indiana-unemployment/individuals/work-search/>.

Ou kapab ranpli fòmilè a elektwonikman epi enprime li oubyen sofgade li sou aparèy w. Oubyen tou ou ka enprime rejis la epi ranpli li a men.

Fòk ou kontwole enfòmasyon sa yo pou chak aktivite ou konplete:

- Aktivite a
- Dat Aktivite a te Konplete
- Non Aktivite a oubyen Anplwayè a
- Kote Aktivite a oubyen Anplwayè a
- Enfòmasyon kontak pou aktivite a oubyen anplwayè a
 - Non
 - Nimewo Telefòn
 - Imèl
 - Lyen Entènèt

SOFGADE

Rejis Rechèch Travay
yo Imèl Konfimasyon
Dokimantasyon



6
MWA



DWD kapab mande revize ak verifye aktivite rechèch travay ou yo nan nenpòt moman pandan reklamasyon w. Si yo twouve aktivite ou yo enkonplè oubyen pa presi, yo kapab refize benefis ou yo. Ou pral oblije montre rejis dènnye semèn yo lè w pwograme pou vini an pèsòn nan yon [Sant Karyè WorkOne](#) pou [Sèvis Re-anplwa](#) .

Sofgade tout rejis rechèch travay ou yo, imèl konfimasyon, oubyen dokimantasyon pou sis (6) mwa apre aktivite rechèch travay la te fèt pou pwouve aktivite rechèch travay ou te fè a.

Opòtinite Egal (*Equal Opportunity*) (EO)

WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.
Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann.
Sèvis tradiksyon nan lang etranje yo gratis.

Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan
lespas 180 jou depi dat vyolasyon prezime a.

Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou.

Oubyen Voye Plent lan nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N- 4123, Washington, DC 20210



WorkOne se yon Pwogram/Anplwayè ki bay Opòtinite Egal.

Èd ak sèvis oksilyè disponib sou demann.

Sèvis tradiksyon nan lang etranje yo gratis.

**Si w kwè ou te sibi diskriminasyon ou kapab depoze plent nan lespas 180 jou depi
dat vyolasyon prezime a.**

Kontakte ofisye EO lokal ou atravè biwo WorkOne lokal ou.

Oubyen Voye Plent lan nan:

Director, Civil Rights Center (CRC)
U.S. Department of Labor
200 Constitution Avenue NW
Room N- 4123, Washington, DC 20210

Si w ta gen nenpòt kesyon sou RESEA sou kontni ki nan videyo sa a epi w pa ka jwenn repons sou sitwèb DWD a, tanpri mande Navigatè Sèvis Anplwa w pandan pwochen reyinyon endividyèl ou a.



in.gov/dwd/indiana-unemployment/resea



Si w ta gen nenpòt kesyon sou kontni ki nan videyo sa a epi w pa ka jwenn repons sou sitwèb DWD a, tanpri mande Navigatè Sèvis Anplwa w pandan pwochen reyinyon endividyèl ou a.

The logo for WorkOne, featuring the word "Work" in a bold, black, sans-serif font, followed by "One" in a bold, blue, sans-serif font. A registered trademark symbol (®) is located at the end of the word "One".The logo for DVD Workforce Development, featuring the letters "DVD" in a stylized font, followed by the words "WORKFORCE" and "DEVELOPMENT" in a smaller, sans-serif font.

Ou fini 2^{yèm} videyo WorkOne obligatwa a, Rejis Rechèch Travay UI. Tanpri gade twazyèm videyo obligatwa a, Sistèm Echanj Travay Indiana Career Connect.